



THE NEW YORK CITY DEPARTMENT OF EDUCATION
JOEL I. KLEIN, *Chancellor*

Chè paran oswa gadyen legal :

Lwa federal 2001 an ki rele Pa kite okenn timoun ret dèyè *No Child Left Behind* (NCLB) pèmèt paran elèv nan lekòl ki resevwa finansman dapre Seksyon Iwa Tit I an mande enfòmasyon sou sètifikasyon pwofesè ak parapwofesyonèl ki deziyen pou travay ak pitit yo pou yo konnen si yo kalifye. Dapre lwa sa a, ou ka kontakte lekòl pitit ou a e mande nan ki matyè pwofesè pitit ou a sètifye pou l anseye. Pou pwofesè yo sètifye nan Leta Nouyòk, yo dwe pase yon seri ekzamen, gen yon diplòm inivèsite premye degre, epi konplete yon seri kou inivèsite ki obligatwa pou yo diplome nan matyè yo pral anseye a.

Si w ta vle mande enfòmasyon sa a, tanpri al sou sit wèb sila a epi *download* "Parent Request Form" la nan : <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/NCLB/ParentsTitle1.htm>

Koòdonatè paran lekòl la ka ba w fòm sa a tou, depi w mande l.

Non Direktè (Principal Name)

Non lekòl (School Name)